

Èske w o kouran ?

Ou ka jwenn \$5 666 ou plis kòb ki la pou ou

Voye yon demann pou w ka resevwa benefis inkòm taks ou

Kredi Inkòm Taks ak Kredi Inkòm Taks Sou Timoun Ou

☞ Si pandan lane 2010 ou touche mwens ke \$45 000 epi w te gen timoun ki te abite ak ou
OSINON

☞ Ou te touche mwens ke \$13 400 epi ou pa te gen timoun ki te abite ak ou

Ou ka kalifye ! E ou ka resevwa èd **GRATIS** pou ranpli fòm inkòm taks ou.

☑ Asire w ke w resevwa nouvo kredi Making Work Pay a !

Rele IRS nan **1-800-829-1040** pou konnen plis sou sa.

Pou plis enfòmasyon :



Earned Income Credit (EIC) ak Child Tax Credit (CTC) :

Li posib pou w dwe mwens taks e IRS kapab remèt ou lajan kach !

- Si w te travay nan lane 2010, swa fouldaym oswa pattaym - ou kapab kalifye pou kredi sa yo.
- Menm si ou pa dwe taks ou kapab toujou resevwa kredi sa yo.

Si gen timoun ki te abite ak ou pandan plis pase 6 mwa nan lane 2010 :

- Pou w kalifye pou EIC (kredi ou reyalize sou revni), timoun yo fèt pou yo gen mwens pase 19 an pandan lane 2010 la (elèv ki lekòl fouldaym kapab gen mwens pase 24 an ; timoun ki gen enfimite pèmanan oswa total kapab gen nenpòt ki laj).
- Pou w kalifye pou CTC (kredi ou reyalize poutèt timoun ou yo), timoun yo fèt pou yo gen mwens pase 17 an pandan lane 2010 la.

Si pa t gen timoun ki te abite ak ou :

- Ou kapab fè demann pou EIC si w te gen ant 25 ak 64 an pandan lane 2010 la.

Konbyen mwen ka touche ? Ki montan kredi taks mwen kapab resevwa ?

Pou EIC, si w gen :	Yon revni anyèl ki mwens pase :	Reklame EIC ki pa kapab plis pase :
1 timoun	\$35 535	\$3 050
2 timoun	\$40 363	\$5 036
3 oubyen plis timoun	\$43 352	\$5 666
Si w pa gen timoun	\$13 460	\$457
Pou CTC, si w gen :	Reyalize yon revni anyèl ki plis pase :	Reklame CTC ki pa p plis pase :
Omwon 1 timoun	\$3 000	\$1 000 pou chak timoun

Limit revni EIC pou anplwaye ki marye nan \$5 010 pi wo.

E si m pa sitwayen ameriken ?

Imigran ki travay epi ki satisfè lòt règleman kapab kalifye.

- Pou EIC : anplwaye, mari/madann ak nenpòt ki timoun ki konte nan reklamasyon sipoze gen yon nimewo sekirite sosyal.
- Pou CTC : li nesesè pou gen yon nimewo sekirite sosyal osinon yon Individual Taxpayer Identification Number (ITIN).

Fè deklarasyon taks ou pou w resevwa EIC ak CTC : e resevwa èd gratis !

- VITA – *Volunteer Income Tax Assistance* (èd volontè sou taks nan revni anyèl) – Yon kote yo ede moun ranpli dokiman reklamasyon taks gratis.
- Se gwoup byen fòm nan kominote ou ki dirije lokal VITA yo. **Pou plis enfòmasyon sou yon lokal VITA ki tou pre lakay ou, rele 1-800-906-9887.**

Epitou — Asire w ke w resevwa kredi Making Work Pay a — yon lòt \$400 !

Nan lane 2010, gen anpil anplwaye ki resevwa nouvo kredi Making Work Pay a nan chèk pewòl yo. Men si w te travay pou tèt ou, oubyen ou pa t touche ase pou yo retire taks nan revni w, ou ka mande pou kredi sa a nan inkòm taks ou.

Si w ap travay ou kapab resevwa kredi taks sa yo san w pa pèdi lòt benefis piblik

Ranbousman sou EIC, CTC ak kredi Making Work Pay a pa p konte kòm revni lè w fè aplikasyon oubyen ou renouvle pou benefis tankou food stamp (ki rele SNAP kounye la), SSI, Medicaid, èd lajan, oubyen lojman piblik. Gen kèk pwogram benefis ki ka gen yon limit sou konbyen tan ou kapab kenbe ranbousman ou resevwa nan labank.